

Avi sou Disponiblité Evalyasyon sou Anviwònman ak Odyans Piblik yo

Administrasyon Federal Otowout

Administrasyon Pon ak Tinèl Pou Twa Awondisman (Triborough Bridge and Tunnel Authority)

Depatman Transpò Eta Nouyòk

Depatman Transpò Vil Nouyòk

Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis

Administrasyon Pon ak Tinèl Pou Twa Awondisman (yon ajans afilye Administrasyon Transpò Metropolitèn), Depatman Transpò Eta Nouyòk ak Depatman Transpò Vil Nouyòk, ap pwopoze Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis la (CBD) (Pwojè a) pou diminye blokis nan CBD Manhattan nan yon fason k ap kreye pwofi pou amelyorasyon transpò a alavni, konfòmeman ak Pwogram Pilot Valè Pri Administrasyon Federal Otowout (FHWA) la.

Konfòmeman ak règleman ki ann aplikasyon yo te mete sou pye daprè Lwa sou Politik Sou Anviwònman Nasional (NEPA) la ak Kòd 23 Règleman Federal (CFR) Pati 771 lan, gen yon Evalyasyon Sou Anviwònman (EA) ki prepare pou evalye enpak potansyèl sou anviwònman yo, epi diminye ris pou, Pwogram Peyaj CBD a epi FHWA te apwouve l pou mete l disponib pou piblik la.

Antanke yon pwojè ki bezwen apwobasyon FHWA, Pwojè a dwe reponn ak egzijans Seksyon 4(f) Lwa 1966 Ministè Transpò Etazini an (ki kounye a antre nan kòd 23 U.S.C. §138 ak 49 U.S.C. §303) ak règleman aplikasyon FHWA, 23 CFR Pati 774 la. Konfòmeman avèk règleman ki ann aplikasyon yo epi jan li dokimante nan EA a, FHWA a gen entansyon fè yon konsta sou enpak pou itilizasyon Seksyon 4(f) Central Park ak High Line atravè Pwojè a. FHWA a ap solisite kòmantè piblik la sou detèminasyon enpak *minimal* pou Central Park ak High Line lan.

Disponiblité Evalyasyon Sou Anviwònman/Peryòd Kòmantè Piblik la

Peryòd 30 jou ofisyèl pou kòmantè piblik la pou EA ak detèminasyon enpak *minimal* ki pwopoze nan seksyon 4(f) la pou Pwogram Peyaj CBD a ap kòmanse **10 Out 2022**. EA a ap disponib sou papye nan plizyè kote nan Nouyòk, New Jersey ak Connecticut, biblyotèk ak biwo klèje ki nan kanton an pou analiz piblik. Pou yon lis lokal, oswa pou aksede a dokiman an sou entènèt, vizite mta.info/CBDTP oswa kontakte Ekip CBDTP a nan 646-252-7440 oswa pa imèl nan: CBDTP@mtabt.org.

Kòmantè ki fèt nan odyans piblik yo oswa yo voye ak/oswa pa lapòs avan fen dat **9 Septanm 2022** a, pral antre nan dosye EA ak parèt nan detèminasyon NEPA final FHWA a.

Odyans Piblik Vityèl

Ap gen sis (6) Odyans Piblik Vityèl pou bay enfòmasyon ak resevwa kòmantè sou EA Pwogram Peyaj CBD a nan dat ak lè ki anba yo. Moun ki enterese pou pran lapawòl ap gen twa (3) minit pou yo pale.

| | |
|----------------|--|
| Dat/Lè: | Jedi 25 Out 2022, soti 5:00 p.m. – 8:00 p.m. |
| Dat/Lè: | Samdi 27 Out 2022, soti 10:00 p.m. – 1:00 p.m. |
| Dat/Lè: | Dimanch 28 Out 2022, soti 1:00 p.m. – 4:00 p.m. |
| Dat/Lè: | Lendi 29 Out 2022, soti 1:00 p.m. – 4:00 p.m. |
| Dat/Lè: | Madi 30 Out 2022, soti 5:00 p.m. – 8:00 p.m. |
| Dat/Lè: | Mèkredi 31 Out 2022, soti 10:00 p.m. – 1:00 p.m. |
| Lokal: | Odyans yo ap vityèl sou Zoom ak fifize an dirèk sou mta.info/CBDTP . Sila yo ki vle patisipe nan odyans yo ka fè sa: |

Sou Laptòp/Tablet/Telefòn Entelijan:

Ale nan lyen an: mta.zoom.us/j/82606738045
ID Seminè a: 826 0673 8045, #, #

Pa Telefòn:

Konpoze: 1-888-788-0099 (apèl gratis)
ID Seminè a: 826 0673 8045, #, #

Nenpòt moun ki ta swete pale nan odyans yo ap gen yon opòtinite pou fè sa. Nou mande sa, men li pa nesesè, pou moun ki swete pale yo enskri disi 7:00 p.m. avan jou a sou mta.info/CBDTP oswa rele Liy dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777.

Lòt Fason pou w Fè Kòmantè

Sou entènèt: mta.info/CBDTP

Imèl: CBDTP@mtabt.org

Pa Lapòs: CBD Tolling Program
2 Broadway, 23rd Floor, New York, NY 10004

Telefòn: 646-252-7440

Faks: 212-504-3148 Attn: CBDTP

Aksesiblité ak Sèvis Asistans Lang



Nan odyans piblik yo, sèvis Soutitraj CART ak Lang Siy Ameriken ap disponib. Manm piblik la ki soud oswa ki tande di ka itilize sèvis relè prefere yo oswa sèvis relè 711 lan, epi mande pou yo konekte yo a Liy-dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777 pou yo pale avèk yon ajan.

Manm piblik la ki avèg oswa ki pa wè byen ka voye yon demann pou akomodasyon sou entènèt nan mta.info/CBDTP oswa rele Liy-dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777. Tanpri voye demann lan omwen senk jou ouvrab avan dat odyans lan pwograme a.

Manm piblik la ki pa gen aksè ak yon òdinatè oswa ki pa gen aksè ak Entènèt ka tande odyans lan lè yo rele 1-888-788-0099 (apèl gratis) epi aprè sa antre ID Seminè a 826 0673 8045, aprè sa peze touch dyèz la (#), epi aprè sa peze touch dyèz la ankò (#).

Si èd pou lang oswa nenpòt lòt aranjman nesesè, tanpri voye yon demann omwen senk jou ouvrab avan dat odyans lan pwograme a nan youn nan fason sa yo: sou entènèt nan mta.info/CBDTP, rele Liy-dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay Gouvènman ak Relasyon Kominotè MTA, Konsènan: Odyans Piblik MTA CBDTP, 2 Broadway, B20.81, New York, NY 10004. Pou moun ki fè yon demann atan pou èd lang, MTA a ap bay entèpretasyon ak tradiksyon.



Department of
Transportation

